Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 24 (7268)
27 Май 2017 сон
Шамат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА **«САДОВОД»**

## Иргадулаб совещание



22 маялда райадминистрациялда районалъул бетIерасул кумекчи М. ХIажиевасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана аппаратalъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. М. ХIасанова, отделазул начальникал, учреждениял-организациязул нухмалъулел.

ГIемерал районалъе кIвар бугел суалазул бицана данделъи ялда. Гьездасан аслияблъун букIана школазда ЕГЭялде хIадурлъи гьаби. Лъай кьеялъул управлениялъул начальникасул зам. М. ГIабдурахIмановасул рагIабазда рекъон киналго школазда хIалуцадго унеб буго ЕГЭялде хIадурлъи. «Гьеб унеб буго планалда рекъон ва лъикI. Щвана кинабго хIажатаб оборудованиеги»,-ян хIисаб кьуна М. ГIабдурахIмановас.

Гьал къоязда Колоб росулъ Россиялъул культураялъул ва гIадатазул Центр рагьиялъул бицана культураялъул отделалъул нач. П. ГIабдулаевас. Бихьизабуна рехсараб тадир тIадегIанаб даражаялда анилан. «Гьанже ниж хIадурлъулел руго имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул юбилей кIодо гьабизе»,-ян тIадчIей гьабуна гьес.

Совещаниялда суал хъатIана информаионнияб хъулухъалъул хIалтIудаги. Цогояб информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаевас бихьизабуна гьабсагIаталда лъай кьеялъул ва культураялъул учреждениязул хIалтIул качествоялда хурхараб хIалтIи унеб бугин. «Гьеб рахъалъ гIемераб хIалтIи гьабулеб буго, уна росабалъе, щола школазде, ясли-ахакье, библиотекабазде, культураялъул Центразде, гьабуна анкетирование, тIаделъун руго имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялда хурхараб хIалтIуда. Гьелда хурхун конкурс гьабизе лъазабун буго. Гьеб унеб буго районалъул школлъималазда гьоркьоб. Гьединго хIадурлъи гьабулеб буго 8 июналда кIиабилеб нухалъ районалъул информациялъул хIалтIухъабазда ва блогеразда гьоркьоб лъай кьеялъулаб семинар-совешание тIобитIизе.

Совещаниялда рорхана цогидалги суалал, щибалда хурхун жавабиязе кьуна тIадкъаялги.

## Семинаралда гIахьаллъана



22 маялда Хьаргаби районалъул Хьаргаби росдал культурая лъул КIалгIаялъуб букIана «ГIолилазда гьоркьоб экстремизмалде ва терроризмалде данде профилактика» абураб темаялда зоналияб семинар. Гьенир гIахьаллъана РДялъул гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул министерствалъул хIалтIухъаби, диниял гIадамал, СМИялъул ва АТКялъул вакилзаби. Нилъер районалъул администрациялъул хIалтIухъабазги гIахьаллъи гьабуна гьениб.

Семинаралда рукIана экстремизм-терроризмалда хурхарал суалаздасан лекциял. Гьелдаса хадуб киналго гIахьалчагIазе кьуна сертификатал.

## Поздравление главы района с праздником «Последний звонок»

Уважаемые выпускники, родители, педагоги!

От имени работников администрации Унцукульского района, районного Собрания депутатов, лично от себя, разрешите поздравить вас с праздником Последнего звонка.

24- 25 мая последний звонок прозвенит для всех одиннадцатиклассников и девятиклассников нашего района. Позади долгие годы за школьной партой, шумные перемены, школьные друзья, подруги, учителя, впереди — еще один шаг, сдача экзаменов и — взрослая жизнь.

И очень важно начать эту свою новую жизнь с верного выбора, правильного, взвешенного решения. Каким бы оно ни было — будьте уверены, что ваши родители, учителя, ваше село, район будет гордиться Вами. Дорогие ребята! Вы стоите на первом в вашей жизни важном перекрестке, перед вами – множество дорог и каждому предстоит выбрать свой путь. Уверен, что многие уже приняли решение, в какой профессиональной области реализовать свои мечты и способности. С каждым днем на вас будет возлагаться все больше ответственности - за выбор своего места в жизни, за своих близких, семью, за наш район, страну. Теперь решения вы будете принимать самостоятельно.

Слова благодарности хочу выразить и в адрес ваших педагогов, которые делают все для того, чтобы наши дети были успешными и востребованными в любой сфере деятельности, благодаря знаниям и умениям, полученными в школе.

Слова поддержки хочу выразить родителям всех школьников. Потому, что вместе с каждым из своих детей вы снова и снова мысленно садитесь за школьные парты, но уже в качестве наставника, помощника, доброго друга. Поддержка родителей важна для каждого ребенка, который учится в школе. Поэтому терпения, вам, дорогие, мамы и папы! Здоровья! И побольше поводов для радости и гордости за своих детей!

Позвольте еще раз поздравить выпускников с Последним звонком и пожелать вам, широкой дороги в жизни, ярких успехов на избранном поприще, крепкого здоровья и настоящего счастья! И каких вершин вы бы не добились, всегда помните, что ваш путь во взрослую жизнь начался здесь, в родном Унцукульском районе.

**С уважением, глава**
**МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**




## Колоб Центр рагьана



Араб анкьалда Колоб росулъ рагьана Россиялъул халкъазул культураялъул ва гIадатазул Центр. Гьединал Централ киса-кирего муниципалитетазда рагьулел руго РДялъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасул тIадкъаялда рекъон «Человеческий капитал» приоритетнияб проект гIумро ялде бахъинабулаго. Централъул экспозициялда лъун руго росдал некIсияб рукъалъул къайи-цIа, гIадамазе хасиятаблъун букIараб ретIел-тIех. «Ни лъеца цIунизе ва гIемер гьаризе ккола нилъее умумаз тарал лъикIал гIадатал, гьелъ тарбия кьей букIинабизе ккола. Ни лъер налъи ккола гIолеб гIелалъе нилъги куцараб къиматал жал щвей. Гьеб лъикIаб ишалъулъ нижее кумек гьабилин хьул буго ЦТКНР»,-ян абуна гьенив кIалъалаго «ИштIибури сельсоветалъул» бетIер М. Сайгидовас.

Гьенибго культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевасги бихьизабуна «Нилъер гIаммаб масъала кколин халкъалъул ирс цIуни, гьеб гIолеб гIелалъухъе кьей. Гьеб Централда тIоритIизе бегьула тарихалъул дарсал, бихьизабизе бегьула кин ни лъер умумаз гIумро гьабулеб букIарабали, гьезул хIалбихьи, бажари, праздникал унел рукIараб куц церечIезаризе бегьула.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул цIаралдасан гьес ХIурматалъул грамотаби кьуна ИштIибури ва Колоб росабазул Централзул директоразе. Хадуб букIана концерт.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 24 (7268)*
*27 Май 2017*
*Шамат*

*2 гъумер*

Араб анкьалда райадминистрациялда тIобитIана ракьазул актуализация гьабиялда буссараб данделъи. Гьениб Генуб ракьазул хIалтIи унеб бугеб куцалъул бицана росдал бетIер М. МухIамадовас ва цогидалги гIахьаллъараз. Данделъиялда М. ГIадуевас бихьизабуна росдал нухмалъиялъ актуализация лъул суал кодохъ босизе кколалан.



*РагIи - школалъул директорасе*

# Лъайгун тарбия кьей камиллъизабулаго

Ахирияб заманалда чIахIиял хи-са-басиял ккана улкаялда халкъияб лъай кьеялъул ишалъулъ. ЧIун хутIиялъул заманалда гьеб пачалихъалъулаб кIвар кьеялда гьоркьаса борчIун букIана ва гIолеб гIелалъе букIине кколеб лъайгун тарбия щолеб букIинчIо. Цогояб пачалихъияб экзамен кьей гIуцIаниги гьеб лъугьун букIана эбел-инсул кисаялда кIутIулеб ва школа лъугIун унезе букIине кколеб лъай щолареблъун. Гьебги хIисабалде босун Россиялъул нухмалъиялъ кинабго рахъалъан камиллъаби гьарулел руго лъай кьеялъул хIалтIи гIолеб гIелалъе унго-унголъунги лъайгун-тарбия щолеблъун лъугьинабиялъе. В. В. Путинил рихьизариялги хIисабалде росун халкъияб лъай кьей камиллъизабизе нилъ ахIулел руго Дагъистаналъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасги.

ГIолеб гIелалъе лъай кьеялда хурхун цере лъурал масъалаби гIумроялде рахъинариялде тIолабго къуват кьун хIалтIизе тIаделъун руго нижер ГIашилтIа росдал гьоркьохъеб школалъул коллективги. Гьеб мурадалда гьарулел тадбирал щибаб къоялъ гьоркьоса къотIуларо школалда. Педагогазул коллективалъ кинабго гьабулеб буго ЕГЭ ва ОГЭ кьезе щибаб лъимералда



бажари гIадатлъун лъугьинабиялъе. Школалъул цIалул рахъалъ зав. Сайгид Дарбишевас хIадурун киназдаго бихьулеб бакIалда чIван буго гьел экзаменазде хIадурлъиялъул расписание. Гьелда рекъон гьарулел руго тIадеги занятиял, хIалбихьиялъулал экзаменал. Щибаб экзаменалда хадур рухьинарун руго бажари бугел рихьун учительзаби. Масала, 9-11 классазда ОГЭ, ЕГЭ кьезе лъимал хIадурула З. Сурхаевалъ, 11 классалъе математика – А. Шамиловалъ, 9 классалда математика – М. Шамиловалъ, 9 классалда гIурус мацI – ГI. ГIалиевас, 9-11 классазда биология ОГЭ ва ЕГЭ – ГI. ХIайбулаевалъ, 11 классалъе гIурус мацI - Х. ХIажимурадовалъ, 9 классалъе география – ГI. Шамиловалъ. ЛъикIал хIасилалгун кьуна 4 классаз киналго предметазул ВПР.

ЦIалдохъабаз лъикIал призалъулал хIасилал росана районалда тIоритIулел олимпиадабазда. Гьедин 6 классалъул цIалдохъан Р. МухIамадовалъе математикаялъе щвана I бакI, историялъе П. Алдановалъе II бакI, биологиялъе 9 классалъул цIалдохъан Н. ГIабдулаевалъе III бакI, ОБЖялъе I0 классалъул цIалдохъан П. Алдановалъе щвана I бакI, магIарул мацIалъе 7 классалъул цIалдохъан А. ГIабдулмажидовалъе II бакI, экологиялъе 8 классалдаса Ш. ГIабдулвагьабовасе - III бакI.

Гьезда гьоркьоса республикаялъул олимпиадабазда гIахьаллъизе рес щвана ОБЖялъе П. Алдановалъе, предметник М. ГIабдулвагьабов, 3 классалъул цIалдохъан ГI. Алдановалъе, учительница П. МухIамадова. «Первоцвет» абураб гIисинал цIалдохъабазул цIех-рехалъул проекталда районалда ГIайшатица ккуна I бакI, республикаялда III бакI.

МугIрул районазул росабазда гьоркьоб Болъихъ тIоритIана рагъулгун спортивияб хIай. Гьениб III бакI босана нижер цIалдохъабаз, нухмалъулел рукIана М. ГIабдулвагьабов, И. Назирбегов. Гьединго районалъул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб «День птиц» конкурсалда 6 класса лъул цIалдохъабазе щвана I бакI, нухмалъулев М. Исрапов. «Безопасность в сети интернет»,-абурал рагьарал дарсал кьуна М. ГIалиевалъ ва М. Шамиловалъ.

Лъималазулъ цIализе гьира бачIинабиялъе школалда гьарулел руго предметниял анкьал, гьединго кьуна математикаялъул ва гIурус мацIалъул рагьарал дарсал. Лъималаз гIурус мацI лъикI бициналъул мурадалда гьабуна гIурус мацIалъул анкь. КъватIире риччала классазул къадал газетал, тIобитIана гIурус мацIалда кучIдул цIалулезул конкурс, гьединго кьуна рагьарал дарсал.

**(Ахир 4 гъумералда)**

Имам Шамиль гьавуралдаса - 220 сон

МухIамад ХIАМЗАЕВ

# Имамасул хIакъалъулъ биценал

Пачаясул аскаразул бутIрузул цояв, генерал Гуркоца хъвалеб буго: «Гьел киналго рагъул бергьенлъаби живго Шамилил гьунар ккола. Хасаб ра гъул лъай щвечIев чиясул, вагъизе гьединаб гьунар букIине ккани, гьеб цIакъ гIажаиблъи гьабизе ккараб жо буго. Инсан нахъгIунтIулареб имамасул рагъул бажариялъ чанги нухалъ нилъер генералзаби чара къотIараб хIалалде ккезаруна. Дилималдаса Унсоколобе имамас гьабураб гьужумалъул хIисаб гьабидал, хIайранлъизе бачIуна гьелъул хехлъиялдаги, вагъулаго хIукмо хисизе имамасул бажариялдаги.

Шамилихъа бажарулеб буго, аскаралъул яхI хвезе течIого, мурадалде щвезе. МагIарухъ рукIарал хъулби гьесда рахъизе кIвеялъе гIилла буго, гьес мугIрузда рагъ гьабиялъе цIияб къагIида хIалтIизаби. Гьединлъидал нилъер аскарал Хунзахъ хъалаялъуре кIанцIизе ккана. Гьединаб хIалалда вагъизе бокьарав командирасухъа бажаруларо. Рагъуе бугеб имамасул гьунаралъе мустахIикъаб къимат кьечIого тей нилъер ра хъалдасан кIудияб ахIмакълъилъун букIина. Гьев вуго унго-унгояв рагъул гений. Кодоб гIарац яги гIураб ярагъ гьечIониги, Шамилица нилъер аскарал бигьаго щущахъ риххизарураблъи хадубккун хIисабалде босизе ккола»,-ян.

* * *

Жидерго командирзабазул зулму цIикIкIиндал, имамасул ритIухълъиялъул хабарги рагIидал, пачаясул аскаралдаса цо-цо солдатал лъутун Шамилихъе рачIунаан. Имамас гьединал солдатазул цIакъ тIалабги гьабулаан. I840 соналда Шамилица наибзабазухъе хъвараб кагътаталда букIана гьадин: «Нужеда лъан букIа нилъехъе лъутун рачIарал солдатал нилъее мутIигIал чагIи рукIин, нуж гьезда божизе ккола. Гьел унго-унгоял нилъер гьудулзаби руго. Гьезие гIумро гьабизе киналго шартIалги рукIинаре».

Махщел-лъай бугел солдатал имамас жиндаго аскIор толаан. Гьединал солдатазул Даргъо ункънусго чи гIун вукIана. Имамас амру гьабуна байбулмалалъул хазинаялдаса мухьги кьун, Даргьоялда аскIор гьезие минаби раян ва бекьизе ракьги кьеян. Имамасул хазиначияс гьезие щибаб лъагIалие партал-хьит босулаан. Солдатаз маххул къебелъи, цIулал хIалтIаби гьарулаан ва гIарадаби къачIалаан. Яков Алпатовас нухмалъи гьабулеб солдатазул батальон муридзабазда цадахъ гъазаваталдеги бахъунаан. Рагъда гьунар бихьизабурав чанги солдатасе имамас бахIарчилъиялъул гIаламатги кьун букIана. Рокъор хъанчалги лъун, жидерго дин гьабулел рукIаниги, гьел цIакъ имамасе мутIигIал чагIи рукIана. Солдатаз абулаан жидер пача Шамил вугилан. Ислам босарал солдатал абуни, чачаназул руччабиги рачун, муридзабиго гIадин эркенго гIумро гьабулел рукIана. Имамасул тилмачлъун вукIана Идрис абун цIарги босун, бусурманлъарав гIурус солдат Андрей Мартин. Пачаясул чукъби бищунго хIинкъараб жо букIана, Имаматалда солдатазе бугеб эркенлъи лъани, гIемерисел солдатал гьенире лъутун инилан.

* * *

I847 соналъ имамас ГIандиб тIобитIана киналго наибзабиги, цIар бугел гIалимзабиги, муфтияттги ахIараб мажлис. Имамас данделъаразда цебе суал лъуна жив имамлъун вищаралдаса анцIго соналдаса тIаде заманги ун бугин, гъазаватги халалъулеб бугилан. Цинги Шамилица данделъаразда гьарана жиндир бакIалда цоги бажари бугев чи вище,-ян, жив гьесул кумекчилъун вукIине хIадурав вугилан. ГIемерисел наибзабаз абуна Шамил гурев чи имамлъун тезе жал разиял гьечIилан ва гьесда гьарана тIаде босараб амру тIубайилан. Шамил хадубккун гъазаваталъе бетIерлъи гьабизе разилъана.

Мажлисалда данделъараз хIукму гьабуна: рузман къоялъ щибаб мажгиталда гъазаваталъе кумек гьабеян Аллагьасда гьарун дугIа гьабизе; байтулманалъул гIарац чу-ярагъ босизеги, диналъул хIажатал тIураялъеги ва лъутун рачIарал солдатал хьихьиялъеги харж гьабизе; чIвазе къотIарав чиясул лъимал ругони, гьесул боцIи-мал бахъичIого тезе; хъулухъалдаса вахъарав наиб яги муфтий нахъеги гьебго хъулухъалде тIамичIого тезе; наибзабазда тIадаблъун гьабизе жидерго валияталда тункIихарил нахърател букIинабизе; Тифлиса лъул хъахIаб гIарац гIурусазул гIарацалда цадахъ къабул гьабизе; рузманкъоялъ, рузман бай гуребцойги хIалтIи гьабичIого тезе ва цоцазда гьоркьоб жахIда гьабичIого цояс гьабураб цогидас хвезабичIого тезе.

**(Хадусеб букIине буго)**

М. Дахадаев гьавуралдаса - 135 сон

# ХIинкъи бугев студент

**(Байбихьи 13-23 номеразда)**

- Хехго гъотIол хал гьабизе ккола,-ян гIедегIана старщина. Амма щивго ватичIо. Кивеха гьев арав? Ахирги киналго бакIазул халги гьабун гьез чIезабуна такъсирчи гъотIодасан цойгидаб къотIновеги кIанцIун лъутаравлъи. Гьанже гьез цойгидаб къотIнореги ун хъирщадизе байбихьана. Щаклъи бугебщинаб бакIалде ралагьулаго гьел цереса тIагIана.

Доктор Колосов цIакъ кватIараб заманалда гурони рокъове щвечIо. Гьес живго вачун вилъарав ямщикасе мухь кьуна ва кавуялда тIад ссун букIараб фонарь бакана. Рукъалъул кIалтIу цIакъго мерхьун батидал, цо ракIалда гьечIеб жо ккун батизе бегьиялда гьев щаклъана. ЧIахIиял чакмабаз бокъинабун букIана киса-кибго сверухъ бугеб гIазу. Докторас жанивеги лъугьун азбаралъубги фонарь бакана. Ахикьанги чангоязул хIатIаз цIияб гIазу мерхьараб нух бахъун батана. Херасда рукъ бикъун ун батиялъул ургъел чIвана. Сородулел кверaз фонарьги ккун, гьев азбар сверун валагьана. НуцIби рахан руго, цониги бекун гьечIо. Амма гьезул щибалъул кIалтIа чакмабазул лъалкIал руго. Циндаго ботIролъе пикру бачIана, кIулаз нуцIби ричIун ратизе бегьиялъул. Амма гьебги гIададисеб щаклъи батана. Киналго рукъзабахъ хал гьабураб заманалда, цIогьорас сунданиги квер хъван батичIо. Гьеб киналдаго гIажаиблъарав докторас дарабазул шкафалъулцин хал гьабуна. БукIинчIо щаклъизе бакI. Я жанисан, я къватIисан рукъалъул низам хвезабун гьечIоан. Докторас Аллагьасе реццги гьабулаго, эркенго хIухьел биччана ва хъахIаб мегежалда ракъварал кверал рахъана.

Кодоса гъотIол гIаркьелги борчIун, хъуштIун арав МахIач кавудал тIохда речIчIана ва гьенисаги гирун, ахикь подвалалъе бухъулеб букIун, жеги лъугIичIеб, гвандиниве вортун ана. ТIохда букIарабги гъотIода хутIарабги гIазуги тIаде гъун бачIун, гьев вахчизавуна. Ракьалда бетIер кьабун МахIач лъавудаса ана.

Докторасда ракIалде щвана полициялъулаз бахъизабураб забора лъул хъарщи. Гьесие азбаралъубе нух рагьун тезе бокьичIо ва кинабго рукъалъул хIалтIи рагьдател гьечIого, жиндего ккун бугелъул хъатикь фонарьги ккун, къватIиве вахъана. Кивего валагьана.

Подвалалъе бухъараб гвендалда аскIове щварабго цо сундаялиго щаклъун доктор лъалхъана.

Подвалалъе гвенд бухъулев хIалтIухъанги тун, бакъанида доктор жиндирго кIудияй ясалъухъе гьоболлъухъе ун вукIана. Гьале къаси рокъове тIад вуссиндал, гьесда гвандиниса бараб цIияб ракьуде гIазу ккун батана ва гвендалъул жаниб бакIги гIаздаца бахчун букIана. Радалалдаса гIазуги бачIелъул, гьеб хIикмат щибан, херав жаваб балагьизе лъугьана. Халат бахъун хIалакине ккечIо, жаваб хехго батана. Фонаралъул канлъухъе гьесул бер чIвана гвендалъул ахада гIазулъан баккараб гIадамасул хIатIида. Гьеб букIана гIажаибаб хIикмат. ЧIалгIаде гурел рукIун руго дир ахикь гIадамазул лъалкIал,-ян ракIалде ккана херасда. Гьесул черх сородизе лъугьана ва ботIрода хутIарал лъедерал расал рорхун рачIунел рукIана. Гвандинив вугев чи чIаго ватиялда доктор божулев вукIинчIо. Гьесда ракIалде кколеб букIана, жанив чи гьечIеб азбаралъуве хъурумсахъаз ургъунго рехарав чIварав чи ватилин гьеван. Херав докторас гвендалъул рагIалдаги чIун, батIи-батIиял пикраби гьарулел рукIана.

**(Хадусеб букIине буго)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 24 (7268)*
*27 Май 2017 сон*

*3 гъумер*

**С а д о в о д**

Страница в номере



# Миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району информирует

**20 декабря 2016 года вступил в силу Федеральный закон от 19 декабря 2016 г. № 462-ФЗ «О венесении изменений в статью 3 Федерального закона «о внесении изменений в Федеральный закон «О граждансиве РФ», который продлил до 1 января 2020 года, срок действия норм ФЗ от 31 мая 2002г. № 62-ФЗ «О гражданстве РФ», направленных на урегулирование правового статуса отдельных категорий лиц, находящихся на территории РФ.**

**Миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району информирует,** что 20 декабря 2016 года вступил в силу Федеральный закон от 19 декабря 2016 г. № 462-ФЗ «О внесении изменений в статью 3 Федерального закона «О внесении изменений в ФЗ «О гражданстве Российской Федерации», направленные на урегулирование правового статуса отдельных категорий лиц, находящихся на территории Российской Федерации.

Данный Федеральный закон предоставляет право приобрести гражданства Российской Федерации в порядке признания гражданам бывшего СССР, получившим до 1 июля 2002 года паспорт гражданина Российской Федерации, но у которых впоследствии не было определено наличие гражданства Российской Федерации и отсутствует иное гражданство.

Одним из документов, подтверждающих наличие у вышеуказанной категории лиц гражданства СССР в прошлом, может являться:

- свидетельство о рождении, выданное органом записи актов гражданского состояния на территории СССР либо дипломатическим представительством или консульским учреждением СССР на территории иностранного государства;
- соответствующие официальные данные полномочного органа, либо справка полномочного органа иного государства, входившего в состав СССР, об обмене паспорта гражданина СССР на документ лица без гражданства /в случае если свидетельство о рождении выдано органом иностранного государства/;
- паспорт гражданина СССР /при наличии/.

Данный Федеральный закон также направлен на урегулирование правового статуса путем приема в гражданство Российской Федерации следующих категорий лиц, находящихся на территории Российской Федерации:

- граждан бывшего СССР, получивших паспорт гражданина Российской Федерации до 1 июля 2002 года, у которых впоследствии полномочным органом, ведающим делами о гражданстве, не было определено наличие гражданства Российской Федерации, имеющих гражданство иностранного государства, при условии отсутствия у них действительного документа, подтверждающего право на проживание в иностранном: государстве;
- граждан бывшего СССР, прибывших в Российскую Федерацию для проживания до 1 ноября 2002 года, не приобретших гражданства Российской Федерации в установленном порядке, и их совершеннолетних и несовершеннолетних детей, если указанные лица не имеют гражданства иностранного государства и действительного документа, подтверждающего право на проживание в иностранном государстве.

Вышеуказанная категория лиц, принимается в гражданство Российской Федерации, при отсутствии оснований отклонения заявлений, предусмотренных настоящим Федеральным законом, без предоставления:

- разрешения на временное проживание и вида на жительство;
- документа, подтверждающего наличие законного источника средств к существованию;
- документа, подтверждающего владение русским языком.

Заявления о признании гражданином Российской Федерации и о приеме в гражданство Российской Федерации подаются заявителем лично в письменном виде на бланке установленной формы в территориальный орган:

В случае отсутствия у заявителя документа, удостоверяющего его личность, заявитель для проведения мероприятий по установлению его личности, в рамках рассмотрения его заявления о признании гражданином Российской Федерации либо о приеме в гражданство Российской Федерации, представляет имеющиеся документы, содержащие его персональные данные. К таким документам относятся: паспорт; свидетельство о рождении; документ, свидетельствующий о перемене фамилии, имени и (или) отчества либо иных персональных данных: документ о заключении (расторжении) брака; документ об образовании; военный билет; трудовая книжка; пенсионное удостоверение; водительское удостоверение; справка из мест лишения свободы об освобождении; иные документы, содержащие персональные данные заявителя.

В случае необходимости установления личности заявителя, срок рассмотрения заявлений о признании гражданином Российской Федерации и о приеме в гражданство Российской Федерации, продлевается на срок, необходимый для установления личности заявителя, но не более чем на три месяца.

Ш. ГАМЗАТОВ.
И. О. начальника МП ОМВД России по Унцукульскому району

Поздравление

## Стали чемпионами Европы

От имени администрации муниципального района «Унцукульский район», от депутатов районного Собрания и от себя лично поздравляю Арипа Абдулаева и Магомеда Жангишиева с победой в чемпионате Европы по вольной, греко-римской борьбе среди младших юношей. «Победа этих ребят не случайны, к ней они шли, проявляя терпение и усердие на тренировках. Продемонстрировав на чемпионате мира свои лучшие спортивные качества, они добились выдающихся результатов. Весь Унцукульский район гордится вами, вы вписали свои имена в спортивную летопись нашего муниципалитета. Поздравляю вас с победой, ваших тренеров, которые готовили вас к этому успеху, а также родителей, которые воспитали вас достойными людьми. Побеждайте и радуйте нас своими победами и дальше, а мы в свою очередь вас будем всесторонне поддерживать» - сказал Иса Магомедович. 19 - 21 мая на коврах спортзала «Aleksandar Nikolic» в Белграде (Сербия), идет чемпионат Европы по вольной, греко-римской борьбе среди младших юношей.

**(Окончание на 4 странице)**

# Операция «Внимание – Дети»

В преддверии летней оздоровительной компании и в связи с окончанием учебного года, а также с целью активизации работы по профилактике детского дорожно-транспортного травматизма и обеспечения безопасности несовершеннолетних, на территории района будет проводиться оперативно-профилактическое мероприятие «Внимание – дети!», которое включает в себя 4 этапа: 1-й этап - с 22 мая по 11 июня в период массового выезда детей и подростков к местам организованного отдыха и оздоровления; 2-й этап - с 28 августа по 11 сентября во время восстановления у детей и подростков навыков безопасного поведения на улицах и дорогах после летнего отдыха; 3-й этап – с 1 по 8 ноября, во время осенних школьных каникул; 4-й этап – с 26 декабря 2017г. по 11 января 2018г., во время зимних каникул.

Отделение ГИБДД по Унцукульскому району обращается к родителям района с просьбой позаботиться о своих детях. Внимательно следить за их поведением на дорогах. Исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги, соблюдение детьми и подростками правил дорожного движения при управлении вело и мото-транспортом. Простейшие правила: переводить ребенка через проезжую часть только в установленном месте; перевозить в автомобилях детей, не достигших 12 лет, с использование детских удерживающих устройств, а старше 12 лет пристегивать ремнями безопасности. По возможности приобрести яркую одежду или ранец для своего ребенка либо световозвращающие элементы, чтобы дети на дорогах были заметны, переходить проезжую часть автомобильной дороги только на установленном для этого месте – пешеходный переход. Следует обсудить с детьми кратчайшие и безопасные маршруты их движения, при этом учитывать интенсивность движения транспортных средств в местах перехода детей через проезжую часть. Также обращаемся к водителям транспортных средств: быть внимательнее на дорогах, во время езды в светлое время суток фары ближнего света или дневные ходовые огни вашего автомобиля должны быть включены. В темное время суток и в условиях недостаточной видимости, независимо от освещения дороги, фары дальнего и ближнего света должны быть включены на всех автомобилях и мопедах.

**Р. Мусавузов**
**Нач. ОГИБДД ОМВД России**
**по Унцукульскому району,**
**майор полиции**

# В МФЦ можно вернуть часть суммы при покупке объекта недвижимости

Налоговый имущественный вычет – это сумма, уменьшающая размер дохода с которого взимается налог. Заработная плата, которую получает человек, является лишь 87 % от того, что он реально заработал. То есть, 13 % из обшей суммы работодатель уплачивает за своего сотрудника в качестве налога на доходы физических лиц. Как раз эту сумму в 13 % гражданин имеет право вернуть в определенных случаях. В частности, при покупке объекта недвижимости.

В случае если человек купил недвижимость стоимостью в 2 млн. рублей, то он может претендовать на возвращение ему лишь 260 тысяч рублей, но не более той суммы, которую он успел уплатить в качестве подоходного налога.

В центрах «Мои документы» предусмотрена услуга, которая позволяет провести операцию по имущественному вычету. Для того чтобы оформить услуги, вам необходимо обратиться в МФЦ со следующими документами:

1. Паспорт
2. Справка 2-НДФЛ (за соответствующий год)
3. Правоустанавливающие документы на недвижимость
4. Чек об оплате стоимости объекта недвижимости.

Стоит отметить, что имущественный вычет можно провести на приобретение объекта недвижимости или земельных участков, при погашении по целевым займам или при погашение процентов по кредитам, полученным в Российских банках.

Более подробную информацию по услуге вы можете узнать в МФЦ (указать контактный номер филиала)

# В МФЦ Дагестана можно зарегистрировать ГБО

Подать документы на регистрацию газобаллонного оборудования теперь можно в любом многофункциональном центре республики. Обратившись в центр госуслуг, автовладелец, может подать заявку на проведение предварительной технической экспертизы автомобиля и установки ГБО. Полученное заключение и другие документы сотрудники МФЦ в электронном виде направляют в подразделение ГИБДД МВД по РД. МФЦ выдает автовладельцу уведомление о постановке в очередь, где указано точное времяни прохождения процедуры регистрации транспортного средства. Такая форма регистрации позволит водителям сэкономить время и оформить документы на газовое оборудование без лишней беготни.

Напомним, что недавно из-за регистрационного хаоса водители маршруток отказались выходить на работу. Они не успевали зарегистрировать ГБО за отведенное время, поэтому штрафы от инспекторов ГИБДД стали увеличиваться.

Для получения услуги «Подготовка документов для регистрации газобаллонного оборудования на транспортном средстве (ГБО)» в МФЦ могут обратиться как водители легковых, так и грузовых авто.

Более подробную информацию по услуге вы можете узнать в МФЦ (указать контактный номер филиала)

# Стали чемпионами Европы



Сильнейшие юные борцы и борчини континента, учащиеся в общеобразовательных учебных заведениях разыграют 30 комплекта наград в 10-ти весовых категориях. Уже известно,участвовавшие в этих соревнованиях Арип Абдулаев  в весе 53 кг. из сел. Ашильта Унцукульского района, так же Магомед Жангишиев в весе 73 кг. из села Аракани Унцукульского района, представляя сборную команду России по вольной борьбе, стали чемпионами Европы.

# *Лъайгун тарбия кьей камиллъизабулаго*




ТIабигIат, гьелъул гIадамазе бугеб пайдаялъул лъазе ккола лъималазда. Гьелда хурхунги тIоритIана тIабигIат лъазабиялъул анкьал, «Лучший рисунок и подделки», «Глобальные экологические проблемы нашего села»,-абурал темабазда конкурсал. Россиялъул Централияб банкалъ тIобитIараб «Неделя финансовой грамотности»,-абураб онлайн-дарсазда гIахьаллъи гьабуна цIалдохъабаз. БатIи-батIиял темабазда гIемерал гара-чIвариял гьаруна гIарцул суалазда хурхунги педагогаз цIалдохъабазда гьоркьоб.

ЛъикI гIуцIун буго школалда гьеб тун къватIибехун гьабулеб хIалтIиги. Учительзабазгун цадахъ лъималаз лъикIаб гIахьаллъи гьабула батIи-батIиял тадбиразда. Педагогаз лъималгун цадахъ цо-цо эбел инсулгун гара-чIвариял тIоритIула. Гьеб хIалтIи лъикI бачунеб буго тарбия кьея лъул рахъалъ зам. ГI. ГIалиевас. Тарбия кьеялъул хIалтIулъ лъикIаб мисал бихьизабулеб буго П. БатIаловалъ, Ж. МухIамадовалъ, Н. ХIайбулаевалъ, П. МухIамадовалъ, Р. Закаригаевалъ, З. МухIамадовалъ, З. Сурхаевалъ ва цогидазги. Киналъего нухмалъи гьабулаго тартибалда хIалтIи бачуна директорасул зам. ГIалиевалъ, С. Дарбишевас, ГI. ГIалиевас, М-Н. Назирбеговас ва тIолабго педагогазул коллективалъ. Щивас намус бацIцIадго тIубазабула жинда тIадаб хIалтIи. Гьелъ нижее рес кьолеб буго школалда лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIи жакъасеб къоялъул тIалабазда гIуцIизе.

**М. МУХIАМАДШАПИЕВ,**
**ГIашилтIа гьоркьохъеб школалъул директор**

# Рохьал, мегIер-гIалах цIа ккеялдаса цIуне!

ХIурматиял районалъул жамагIат! Гьале бачIун буго мегIер гIалахъ ва рохьал цIа ккеялдаса цIунизе кколеб заман. Араб 20I6 соналъ нилъер районалда рохьоб цIа ккеялъул хIужа ккечIо.

Ахириял соназ нилъер хIукуматалъ цIикIун кIвар кьолеб буго мегIер, гIалах ва хурзал рухIизе тунгутIиялде. Гьелда тIад кIвар къеялъе гIиллаги буго гьенисан цIа щолеб буго рохьобеги, рухIулел руго росаби, рукъзал, фермаби ва цогидабги.

Рохьазда рекIараб цIа свинабизе бигьаго кIоларо. Гьениб букIуна бакъвараб хер, тIамах, заз-хъарахъ ва гьеб турараб хут1ел. Гьединаб рохьоб букIуна къватIибе загьираб цIа гьечIониги 3-4 къоялъ ракьулъ жанибго рекIараб цIа ва гьури пуни цIа цIилъун бачIуна.

Рохьоб рекIараб цIаялъ гIемераб зарал гьабула гIун бачIунеб цIияб, гIисинаб рохьалъе ва харида цадахъго бухIула гьветIги кьибилги. МегIер гIалахалда рекIараб цIаялъ бухIараб харил кьибил цIилъизе бала 7-8 сон, бухIараб гьветI бижизе бала 70-I00 сон.

Инсанасе ва рухIчIаголъиялъе кинаб пайда рохьалъул бугебали лъаларев чиги ватиларо.

Гьединлъидал хер ва заз-хъарахъ бухIизе цIа бакулаго цIунизе ккола цIа ккеялдаса цIуниялъул къагIидаби. Шибаб рохьил рагIалда ва рохьобе цIа ине рес бугеб бакIалда хур-хер бугел чагIаз рохьобе цIа унаредухъ бакъвараб харидаса бацIад гьабизе ккола гIорхъодаса I0 м. халалъиялда, ва 0,5 м гIеблъиялда ракь, ай къватIибе баккизе гьабизе ккола ракь.

Лъил бетIергьанлъиялда бугеб ракьалдаса рохьобе цIа бачIаниги гьев чияс кьезе буго жаваб цIа ккеялъул ва цIаялдаса ккараб заралги бахъула гьесдаса. Зарал 5 азарго гьурущалдаса цIикIани уголовнияб тамихIалдеги цIала.

Рохьобе цIа унеб бакIалда бакъвараб хер, заз-хъарахъ ва цогидаби бухIани (киб бухIаниги, жиндирго хуриб бухIаниги) бахъула гIакIа гIадамасдаса – 3 азаргоялдаса – 4 азарго гьурущалде щвезегIан, хъулухъчиясдаса I5 азаргоялдаса – 20 азарго гьурущалде швезегIан ва юридическияб гьумералдаса – I50 азаргоялдаса – 200 азаргоялде щвезегIан. (ст. 8.32 часть 2 КоАП РФ).

Хасаб цIа ккеялдаса цIунулеб заман районалда чIезабун бугони гIадамасдаса 4 аз. – 5 азаргоялде швезегIан, хъулухъчиясдаса 20 аз.-40 азаргоялде щвезегIан, юридическияб гьумералдаса 300 аз. – 500 азаргоялде щвезегIан. (ст. 8.32 часть 3 КоАП РФ).

ЦIа ккеялъул тадбирал цIуничIого рохьобе цIа ккани гIадамасдаса 5 азарго, хъулухъчиясдаса 50 азарго гьурущ, юридическияб гьумералдаса 500 аз. – I миллионалде щвезегIан. (ст. 8.32 часть 4 КоАП РФ). (Юридическияб гьумералде гьоркье рачуна МО, СПК, КФХ, ИП (юридическияб гьумер гьечIеб бугониги) ва цоги бокьараб учреждение ва организация.

Ургъунго рохь бухIизе цIа бакани гIакIа бахъула ва эркенлъиялдаса махIрум гьавула 8 соналде швезегIан. (ст. 26I УК РФ). Гьеб киналдаго тIаде бахъула рохьалъе ккараб заралги.

Дагъистаналъул х1укуматалъул 20I2 соналъул I3 августалъ къабул гьабураб № 273 ( № 336 I0 октябрь 20I5 соналъ хиса-басиял гьарураб) постановлениялъ гьукъун буго бакъвараб хер бухIизе кибго ва бакъвараб харидаса хурзал мучIдул рацIцIад гьаризе ккола цIа бакичIого.

Гьелда хадуб хал кквезе ва цIа бакарав чи тамихIалде цIазе тIад къан буго (пост. пункт 6) - МЧСалда, районалъул ва росабазул администрациябазда, тIабигIат цIуниялъул хъулухъазда, рохьил магIишаталъул хIалтIухъабазда, полициялда.

Районалда, рохьобе цIа биччачIого хут1изе, тIад къан буго росабазул администрациязул бутIрузда.

Хуриб, магьилъ, гIалахъалда, мучIдузда бакараб цIа къанагIатги хутIуларо рохьобе щвечIого. Гьарула бакъвараб хер, хурзабахъ кьишни бухIизе кирго цIаял ракугеян. Рохьалда, бакъвараб харида цIа рекIине рес букIуна свинабичIого спичка ва халиян, цIа рекIунеб лъамалъиялъ биччараб чIорто гIодобе реххани.

Шивав чияс букIине кколеб бербалагьи гьабуни рес буго тIабигIат, рохьал цIа ккеялдаса цIунун хутIизе.

ЦIа ккей кигIан хехго лъаниги хехго кумек балагьизе ва свинабизе бигьаго букIуна.

Гьарула кибехун мегIер - гIалахалда, рохьазда цIа рекIун бихьаниги ахIе гьал телефоназде : **89640033492; 89654885092; ялъуни районалъул МЧСалде - II2;**

**ХIасанов ГIумар**
**Хьаргаби районалъул участкаялъул лесничий.**

БИТIИЗАБИ

Гьаб соналъул 8 маялда къватIибе араб «Ахихъан» газеталъул 2 гьумералда лъураб «БукIина «Эхо Ахульго» телеканал абураб бетIер ва материалалъул тIоцебесеб абзацалъул «Эхо, Ахульго» абураб телеканал гьабизе абураб бакIалда гьалатI ун буго. Гьеб цIализе ккола букIина «Эхо Ахульго» телепроект абун.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

В поселке Шамилькала открыть нотариальная контора Унцукульского нотариального округа РД. Нотариус: Абакарова Хадижат Абакаровна.
Адрес: в **здании МФЦ. Тел.: 8 963 372-36-64**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -26 . 5. 17 г. 16. 20
фактически -17.30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.